

# Règleman Chanselye *Chancellor* *Regulation (CR)*

Kategori : **ELÈV**

Pibliye : 1/17/13

Nimewo : **A-850**

Sijè: DIRABILITE

Paj : 1 nan 1

## **REZIME CHANJMAN YO**

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-850 ki gen dat 15 jiyè 2009.

Yo mete regleman sa a ajou nan fason sa yo:

- Li gen Idan òganizasyon aktyèl Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* ("DOE") ak regleman DOE. (Gade seksyon V, pp. 3-5).
- Li chanje non regleman an an "Dirabilite" epi li ranfòse enpòtans Dirabilite nan bilding DOE yo. (Gade seksyon I, II, ak III, pp. 1-3).
- Li di tout lekòl ak enfrastrikti DOE k ap fonksyone nan jiridiksyon DOE, tankou *charter schools* ki nan bilding, pou aplike ak kenbe yon plan pou anpeche, retilize, resikle yon kote byen presi ak yon plan pou konsève enèji ("*Sustainability Plan*"). (Gade seksyon II, ak V (K), pp. 1,5).
- Li klarifye wòl ak responsablite pèsonèl DOE ki responsab pou aplike plan dirabilite yo. (Gade seksyon V, pp.3-5).
- Li fikse nouvo kalandriye ak pwosesis pou fè rapò pwogrè sou Inisyativ Dirabilite a. (Gade seksyon V (K), p.5).
- Li tabli regleman DOE pou apwouve oswa refize demann pou amelyorasyon bilding yon lekòl oswa yon etablisman soumèt. (Gade seksyon VI, pp.5-6).

## REZIME

“DOE” rekonèt resikle ak dirabilite se priorite ki enpòtan. Nan koòdinasyon ak nouvo inisyativ Vil Nouyòk sou dirabilite jan yo dekri l nan PlaNYC, Lwa lokal No. 41 Vil Nouyòk pwogram “Citywide Recycling,” 2010 ak Lwa lokal No. 22 2008, “*New York City Climate Protection Act*,” regleman sa a egzije tout etablisman ak lekòl DOE pou adopte ak fè rapò sou metòd dirabilite, pou konsantre sou enpòtans dirabilite, pou kreye yon abitid ki aksepte responsablite fiskal pou objektif dirabilite, pou ranfòse pèfòmans bilding ak pou ankouraje yon sans sitwayèn lakay elèv nou yo pou yo konsantre sou dirabilite.

Anpatikilye, regleman sa a egzije chak etablisman ak lekòl k ap fonksyone, nan jiridiksyon DOE, tankou *charter schools* ki nan bilding DOE, pou fè yon ak aplike yon plan pou anpeche gaspiyaj, retilize, resikle ak konsève enèji (“*Sustainability Plan*”)<sup>1</sup> ke direktè Dirabilite DOE pral distribiye chak ane. Anplis, tout etablisman ak lekòl ki sou jiridiksyon DOE dwe ranpli Sondaj Dirabilite *Sustainability Survey* DOE distribiye chak ane. Plan Dirabilite a, pami lòt bagay, pral bay enfòmasyon sou chak aktivite resiklaj ak rediksyon gaspiyaj ak konsomasyon enèji nan chak etablisman. Regleman sa a fikse pwosedi ak metòd pou nòmalize plan Dirabilite a nan tout etablisman ak lekòl DOE, epi li egzije tout anplwaye DOE pou respekte inisyativ dirabilite DOE a.

### I. **REZIME**

Dènyèmman, Vil Nouyòk ak Konsèy Vil la te pran yon seri lwa ak pwogram ki egzije DOE ak lòt ajans vil la konsantre sou rediksyon emisyon ki lakoz efè tèmikak dirabilite anjeneral. An 2007, vil la te dekri regleman sou anviwònman l nan PlaNYC ki egzije pami lòt bagay, pou bilding vil la posede yo redui 30 pousan nan kantite *greenhouse emissions* yo. An 2010, konsèy vil la te pran lwa lokal No. 41 “Citywide Recycling” ki, anplis lòt bagay, egzije Chanselye a nome yon “Direktè Dirabilite” ki responsab pou devlope regleman, prensip ak objektif pou dekouraje gaspiyaj, ankouraje metòd retilizasyon ak resiklaj nan tout lekòl ak bilding DOE. Anplis sa, an Out 2011, City Hall te kreye yon nouvo pwogram ki rele *Energy Incentive Alignment Program*, ki bay DOE responb bidjè pou tout depans enèji l.

### II. **REGLEMAN SOU DIRABILITE**

Dirabilite gen gwo efè sou sante elèv nou yo, sou bilding lekòl yo ak sou anviwònman an anjeneral. Piske dirabilite se yon gwo priorite epi paske li enpòtan pou avni vil la, DOE pran angajman pou:

- Ankouraje lekòl yo adopte objektif dirabilite pou konsèvasyon enèji, resiklaj, ekoloji ak kourikoulòm vèt la;
- Aplike pratik ak pwogram konsèvasyon enèji pou yo ka diminye emisyon gaz ki gen efè tèmik *greenhouse gas emissions*;
- Aplike pratik resiklaj ak rediksyon gaspiyaj pou (1) diminye kantite dechè yo jete nan chan ke yo ta ka resikle, retilize oswa konposte ki ta ka kreye opòtinite ekonomik nan zòn lan, (2) redui chay fiskal ki gen nan jete dechè ak (3) redui *greenhouse gas emissions* ki gen nan transpòte ak jete fatra;
- Ankouraje pwogram ki (1) ankouraje lekòl fè jaden, plante pye bwa, ak ouvri plis lakou rekreyasyon pou konekte elèv ak estaf ak lanati, (2) ankouraje chwa estil vi sante ak (3) pou

<sup>1</sup> Ou ka jwenn enfòmasyon konsènan inisyativ dirabilite DOE a, Plan Dirabilite a ak Sondaj sou Dirabilite chak ane a nan <http://schools.nyc.gov/sustainability>.

atenn objektif pwogram PlaNYC ak pwogram ki rele *City's Million Trees*<sup>2</sup>, ak

- Redui konsomasyon enèji ak anprent kabòn *carbon footprint* DOE lè yo egzije tout lekòl ak etablisman DOE ki sou jiridiksyon DOE, tankou *charter schools* ki nan bilding DOE, retire ekipman pèsònèl ki pa enpòtan(paegzanp *microwave*, ti frijidè, *coffee maker*, vantilatè pèsònèl ak aparèy chofaj pèsònèl) nan kabin yo, nan biwo ak nan salklas paske bagay sa yo pa sèlman konsome anpil kouran men tou yo reprezante yon danje dife pou elèv ak estaf nou an epi yo atire vèmin. Chak lekòl oswa etablisman pral gen tip ekipman sa yo disponib pito pou yo itilize omwen nan yon kote inik tankou yon sal resous, kafeterya pwofesè oswa yon lòt espas ki vid nan bilding lan;epi
- Bay lekòl DOE yo resous ak oryantasyon sou fason pou yo entegre durabilite nan kourikoulòm debaz la ak kòman pou yo bati kapasite lidèchip elèv nan angajman kominotè sou prensip dirabilite.

Poutèt sa, tout etablisman ak lekòl ki sou jiridiksyon DOE, paegzanp ki nan bilding DOE, dwe kreye yo Plan Dirabilite presi pou lokal la ki dekri objektif dirabilite lekòl la oswa etablisman an. Chak ane lekòl, DOE pral distribiye yon aplikasyon oswa yon fòm sou entènèt ki pèmèt lekòl, tankou *charter schools*, pou kreye pwòp Plan Dirabilite yo epi soumèt li ba DOE. Anplis sa, chak ane lekòl, tout lekòl ak etablisman ki nan jiridiksyon DOE pral ranpli yon Sondaj sou Dirabilite chak ane.

Plan Dirabilite a pral mande direktè yo oswa nan bilding ki pa bilding lekòl, *building captains*, pou yo bay enfòmasyon sa yo:

- Idantifye Koòdonatè Dirabilite ki pou lekòl la oswa bilding lan;
- Idantifye manm ekip vèt *Green Team*<sup>3</sup> la;
- Idantifye pratik dirabilite ki aktyèl yo;
- Idantifye objektif konsèvasyon enèji yo ak detay aksyon yo;
- Idantifye objektif resiklaj yo ak detay aksyon yo;
- Idantifye objektif ekoloji yo ak detay aksyon yo epi
- Idantifye detay oswa pwogram ki nan kourikoulòm vèt la k ap chèche entegre dirabilite nan kourikoulòm lan.
- Pran angajman pou retire tout ekipman pèsònèl ki pa enpòtan(paegzanp *microwave*, ti frijidè, *coffee makes*, vantilatè pèsònèl ak aparèy chofaj pèsònèl)nan kabin yo, nan biwo ak nan salklas yo.

### III. **PWOGAM DIRABILITE KI ENPÒTAN**

Rekòmandasyon, oryantasyon sou dirabilite DOE ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak dirabilite disponib nan <http://schools.nyc.gov/community/facilities/sustainability/default.htm>

Pwogram dirabilite ki enpòtan DOE ankouraje pou tout etablisman ak lekòl ki sou jiridiksyon DOE se:

- Ogmante kantite lekòl ki patisipe nan *Green Cup Energy Challenge*<sup>4</sup> chak ane.
- Aplike yon pwogram konpos na dechè manje nan tout lekòl ak etablisman DOE, apati

<sup>2</sup> Pwogram *City's Million Trees* lan ap chèche pou fè vil la planifye ak pran swen yon milyon nouvo pye bwa nan pwochen dis ane yo.

<sup>3</sup> Nan *Green Team* lekòl gen anjeneral direktè a, koòdonatè dirabilite a, pwofesè yo, enjenyè antretyen an, elèv, lidè sendika UFT, paran ak lòt patnè kominote lekòl la ke direktè a panse ki nesèsè pou l mete ladan l. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou *Green Team* ak lide sou fason pou w kòmanse nan <http://schools.nyc.gov/community/facilities/sustainability/Greening/default.htm>.

<sup>4</sup> *Green Cup Energy Challenge* lan se yon pwogram ki ankouraje tout lekòl DOE pou konsève enèji ansanm epi redui *greenhouse emissions*. Lekòl ki nan pwogram *Challenge* lan li kontè yo chak semèn epi yo patisipe nan yon konpetisyon. Gade <http://www.greencupchallenge.net/nyc/index.html> pou plis detay.

pwogram esè ki nan kèk lekòl yo.<sup>5</sup>

- Fè trening sou dirabilite pou koòdonatè dirabilite yo, pou enjenyè anretyen yo, pou jeran bilding yo ak pou estaf k ap prepare manje lekòl *School Food staff*.

#### IV. **RESPÈ REGLEMAN**

*The Division of School Facilities* (“DSF”), avèk sipò *Division of Accountability, Performance and Support* (“DAPS”), responsab pou garanti plan dirabilite yo egzije yo fèt ak aplike pou chak etablisman DOE.

Yo egzije tout anplwaye DOE pou pratike ak ankouraje resiklaj, rediksyon dechè ak reutilizasyon. Anplis sa, tout anplwaye DOE dwe respekte pwosedi ki gouvène tout lwa sou machandiz, tankou pwodui ki fèt ak papyè, ekipman pou biwo ak elektwonik jan yo dekri l nan Lwa sou Acha Materyèl ki pi bon pou Anviwònman *Environmentally Preferable Purchasing Laws*. <http://www.nyc.gov/html/mocs/html/programs/epp.shtml>.

Nan ka kote yon lekòl oswa yon etablisman ki sou jiridiksyon DOE, tankou yon *charter school* ki nan bilding DOE, pa ka respekte tèm ak sa ki nan plan dirabilite DOE a, lekòl la oswa etablisman an pral mande yon eksepsyon nan men Chanselye a lè li soumèt yon demann alekri ba DSF.

#### V. **WÒL AK RESPONSABILITE**

##### A. Responsab Egzekitif anchèf *Chief Executive Officer* (CEO) pou *Division of School Facilities*

CEO pou *Division School Facilities* (“DSF”) ap prezante Rapò sou Dirabilite a chak ane nan non Chanselye ba Komisyonè Sanitasyon Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Sanitation’s* (“DSNY”) nan dat 1ye janvyè chak ane pou pi ta pou ane fiskal avan an.

##### B. Direktè Dirabilite

Direktè Dirabilite a ap responsab pou tabli regleman, prensip ak objektif pou anpeche gaspiyaj, ankouraje pratik reutilizasyon ak resiklaj, konsèvasyon enèji, amelyorasyon ekolojik, efikasite dlo ak kalite lè ak lòt pwogram ki gen rapò ak dirabilite pou Koòdonatè Dirabilite a aplike nan chak lekòl.

Direktè Dirabilite a pral responsab pou devlope aplikasyon plan dirabilite yo pral itilize pou sipòte inisyativ dirabilite DOE vize. Direktè Dirabilite a pral asire l tout lekòl yo ak bilding ki sou jiridiksyon DOE yo ranpli ak soumèt Plan Dirabilite chak ane a.

Direktè Dirabilite a pral voye yon sondaj sou dirabilite chak ane ba tout Koòdonatè Dirabilite pou kolekte pwogrè sou aplikasyon Plan Dirabilite. Direktè Dirabilite a pral prepare yon rapò anyèl (“Sustainability Report”) pou CEO sou resiklaj, konsèvasyon enèji ak tout lòt aktivite ki gen rapò ak dirabilite pou DOE jan yo endike pi wo a.

##### C. Direktè Adjwen Resiklaj

Direktè Adjwen Resiklaj la pral responsab pou kreyasyon ak koòdinasyon regleman sou resiklaj DOE pou tout etablisman DOE ak pou koòdone pòsyon resiklaj Rapò sou Dirabilite a. Direktè Adjwen Resiklaj la pral distribye regleman ak prensip sou resiklaj ak rediksyon fatra ba tout etablisman DOE yo epi l ap bay chak lekòl èd teknik lè yo bezwen.

##### D. Direktè Adjwen Enèji

Direktè Adjwen Enèji a pral responsab pou devlopman ak koòdinasyon regleman sou konsèvasyon enèji DOE a, pou fè lyezon ak *Administrative Services Division of Energy Management* (“DCAS DEM”) DOE Vil Nouyòk, fè koòdinasyon ak konpayi sèvis piblik pou asire yo fè DOE peye sa li dwe peye pou tout sa li konsome pou pa gen okenn erè nan fakti yo bay la epi pou mete ajou kont Manadjè Pòtfolyo Enèji Star EPA *EPA Energy Star Portfolio Manager accounts*.

Direktè Adjwen Enèji a pral distribye regleman ak prensip sou jesyon chaj enèji ba

<sup>5</sup> Pou plis enfòmasyon sou pwogram konpos Vil la tanpri gade [http://www.nyc.gov/html/nycwasteless/html/compost/composting\\_nyc.shtml](http://www.nyc.gov/html/nycwasteless/html/compost/composting_nyc.shtml).

etablisman DOE yo epi l ap bay yo èd teknik lè yo bezwen. Direktè Adjwen Enèji a pral bay Enjenyè antretyen an ak koòdonatè dirabilite a enfòmasyon sou sèvis yo chak peryòd epi l ap ankouraje pwogram konsèvasyon enèji, tankou *Green Schools Alliance Green Cup Challenge* epi l ap fè pwogram trening, lè sa nesèsè.

E. Lyezon Etablisman Rezo Timoun Dabò *Children First Network*(CFN)

Chak CFN pral nome yon liezon etablisman ki pral ede nan efò DOE ap fè pou kontwòle, evalye ak fè rapò sou aplikasyon Plan Dirabilite a pou lekòl ki nan Rezo a. Liezon etablisman an pral fè koòdinasyon ak Direktè adjwen etablisman yo, lè sa nesèsè.

F. Direktè

Chak direktè pral responsab pou asire Plan Dirabilite a fini epi li aplike nan lekòl pa yo. Chak direktè pral nome yon moun ki soti nan administrasyon lekòl la oswa pami estaf pwofesè a pou vin Koòdonatè dirabilite pou lekòl sa a.

Si yon lekòl ki nan yon "campus" (sa vle di yon bilding ki gen plis pase yon lekòl oswa pwogram), direktè pou divès lekòl ka nome yon moun pou ranpli wòl direktè dirabilite a pou tout lekòl ki nan bilding lan.

Direktè yo pral asire ke yo respekte regleman sou èkondisyon ki soti nan DCAS DEM ak nan DOE *Health and Mental Hygiene*, kòrèkteman.

G. Kaptenn Bilding

Chak kaptenn bilding nan yon bilding ki pa lekòl DOE pral responsab pou finalize plan dirabilite ak ak aplikasyon nan bilding pa yo. Chak Kaptenn bilding pral nome yon moun ki soti pami moun ki nan bilding lan pou vin Koòdonatè dirabilite pou bilding sa a.

Chak kaptenn bilding nan yon bilding ki pa lekòl DOE pral retire tout ekipman pèsònèl (paegzanp *microwave*, ti frijidè, *coffee makes*, vantilatè pèsònèl ak aparèy chofaj pèsònèl) ki nan kabin ak biwo yo definitivman. Kaptenn bilding yo pral asire ke yo respekte regleman sou chofaj ak èkondisyon ki soti nan DCAS DEM ak nan DOE *Health and Mental Hygiene*, kòrèkteman.

H. Koòdonatè Dirabilite

Koòdonatè dirabilite a pral responsab pou :

- Fè ak aplike plan dirabilite lekòl la oswa nan yon bilding ki pa bilding lekòl, l ap aplike plan dirabilite bilding lan. Koòdonatè Dirabilite yo pral evalye ak fè rapò ba direktè/Kaptenn bilding lan sou pratik resiklaj nan lekòl la oswa nan bilding lan. Sèvi kòm kanal pou kreye kourikoulòm dirab nan bilding lekòl yo.
- Itilize *U.S. EPA Energy Star Portfolio Manager* DOE bay pou ede nan pwogram konsèvasyon enèji. .
- Si gen yon lekòl nan yon campus, Koòdonatè Dirabilite nan chak lekòl pral fè reyinyon sou dirabilite chak peryòd nan tout campus la pou koòdone efò y ap fè pou konsève enèji (paegzanp etenn limyè ak ekipman yo pap itilize yo).
- Kòdonatè Dirabilite yo pral fè ak soumèt ba direktè dirabilite a sondaj sou dirabilite DOE a.
- Koòdonatè dirabilite a pral kontakte reprezantan nan tout sektè ki nan lekòl la oswa nan bildong DOE, tankou direktè yo, estaf sèvis manje, administrasyon ak estaf bilding lan epi lè sa posib, paran ak elèv, nan kreyasyon ak aplikasyon tout inisyativ dirabilite nan lekòl la.

I. Direktè Adjwen Etablisman

Direktè adjwen Etablisman yo pral kontwòle enjenyè antretyen ak manadjè bilding yo pou asire yo respekte chak plan dirabilite lekòl yo.

J. Enjenyè Antretyen ak Manadjè Bilding

Chak enjenyè antretyen ak Manadjè bilding pral responsab pou:

- Bay kontenè apwopriye pou resiklaj nan chak lekòl avèk yon sache plastik transparan(yo mete sache papyè ladan);
- Kontwole yo mete materyèl ki pou resikle nan kontenè resiklaj pi piti yo nan pi gwo sache plastik transparan(lè sa nesèsè) pou DSNY pran yo pandan y ap ramase fatra nan salklas. Yo pa p janm mete bagay separe ki ka resikle nan menm sache ak fatra;
- Avèti koòdonatè dirabilite yo ak direktè/ kaptenn bilding ki gen klas, zòn oswa estaf ki pa respekte regleman yo;
- Mete tout bagay ki pou resikle nan sache plastik transparan kote ki la pou sa pou sèvis ijyèn *New York City DOE* (“DSNY”) pase pran yo nan orè regilye;
- Ogmante kapasite fonksyonman bilding yo pou amelyore pèfòman enèji epi patisipe nan pwogram fòmasyon pou pran sètifika operatè bilding *Building Operators Certificate VII Nouyòk fè*(li gratis);

K. Rapò

1. Chak direktè ak kaptenn bilding pral nome yon koòdonatè dirabilite pou lekòl oswa bilding lan nan dat dènye vandredi septanm chak ane epi li pral enfòmè direktè dirabilite a atravè yon sit wèb ke yo pral distribye ba tout direktè ak kaptenn bilding.
2. Chak koòdonatè dirabilite dwe fè yon Plan dirabilite jan DOE mande a ak jan li bay li a epi asire Koòdonatè dirabilite a, direktè a ak enjenyè antretyen/manadjè bilding lan siyen l dènye vandredi oktòb chak ane. Nan bilding DOE ki pa gen lekòl ladan yo, koòdonatè dirabilite a, kaptenn bilding lan ak enjenyè antretyen/manadjè bilding lan.
3. Chak koòdonatè dirabilite dwe ranpli sondaj sou dirabilite direktè dirabilite a bay chak ane dezyèm vandredi mwa jen chak ane.
4. Chak kaptenn bilding nan yon bilding ki pa gen okenn lekòl ap rapòte tout ekip pèsònèl ki pa enpòtan yo(paegzanp *microwave*, ti frijidè, *coffee makes*, vantilatè pèsònèl ak aparèy chofaj pèsònèl) yo retire nan biwo ak nan kabin yo chak ane regilyèman kòm yon pati nan plan dirabilite a.
5. Direktè dirabilite a pral prepare yon Rapò sou dirabilite chak ane pou CEO a soumèt ba Chanselye a nan dat 1ye janvye chak ane pou pi ta. Rapò anyèl sou dirabilite a pral gen ladan mezi pou anpeche gaspiyaj DOE te pran ak aplike pou ane fiskal pase a.

VI. PWOJÈ POU AMELYORE BILDING

- A. Lè yon lekòl mande pou pou yo apwouve yon pwojè amelyorasyon pou yon bilding ki ta ka ogmante konsomasyon enèji bilding lan(paegzanp yon demann pou yon èkondisyone oswa yon *Smart Board*), direktè a oswa kaptenn bilding lan dwe dabò soumèt pwopozisyon l ba CEO. Pwopozisyon sa a pral gen ladan l ak ekipman presi ak yon plan ki dekri kòman ekipman yo mande yo respekte rediksyon enèji plan dirabilite yo vize yo. Tout ekipman yo mande sa yo pa ta dwe ogmante konsomasyon enèji yon lekòl la. Si dokiman yo mande yo pa ogmante konsomasyon enèji yon lekòl, yon lekòl dwe ranpli fòm rediksyon enèji direktè dirabilite a pral voye nan lekòl la oswa nan bilding lan. Acha ekipman oswa sèvis ki gen rapò ak pwojè bilding sa yo dwe gen konsantman CEO a.
- B. Si CEO a apwouve yon demann pou pwojè amelyorasyon yon bilding dapre enfòmasyon lekòl la bay sou fòm rediksyon enèji a, epi pi ta yon vin dekouvri lekòl la oswa bilding lan pa respekte tèm ki nan fòm rediksyon enèji a, DOE gen dwa retire oswa mande pou retire ekipman yo te apwouve a.

VII. KESYON

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, ou dwe kontakte :

**A-850** Dirabilite

1/17/13

6 nan 6

Telephone:  
(718) 349-5487/8

*Director of Sustainability*  
N.Y.C. DOE of Education  
44-36 Vernon Blvd.  
Long Island City, NY 11101

Fax:  
718-349-5767